# Telefon, Yuusu Nduur

**Xaaj 1**
Bi telefon yi bare ba tey
Tax na  ba nu ngi gënë jege
Waaye it tax na dootunu mën a gise
Maa ne waxtaan lang moo ci gën
Nu bayyi telefon bi jàkkaarloo
Bu telefon tax ba dootunu mën waxtaan

**Xaaj 2**
Gisatuma , gisatuma, gisatuma sa kanam
Li ma bëgg, dëgg dëgg dendook yow ngay wax
Gisatuma , gisatuma, gisatuma sa kanam
Li ma bëgg, dëgg dëgg dendook yow ngay wax
Lii doy na waare, doy na waar, doy na waar
Gëj  nanu làng lool
Di wax di xoolante

**Xaaj 3**
Jotaayu pénc  waay amatul
Nun ñëpp bokkandoo fu nuy xool
Telewisioŋ tax ba dootunu waxtaan

**Xaaj 4**
Gisatuma , gisatuma, gisatuma sa kanam
Li ma bëgg, dëgg dëgg di la dégg di la xool
Gisatuma , gisatuma, gisatuma sa kanam
Li ma bëgg, dëgg dëgg di la dégg di la xool

**Xaaj 5**
Ndekete dé safara dina jur jàngoro
Dëkk bi dé dina mujj,nammante dootul am
Nammante su amul gisante waññeeku
Gisante su amul miinante dotul am
Miinante su amul cofeel dé dootul am
Cofeel dé su amul bëggante dootul am
Bëggante su amul xaritoo dootul am
Xaritoo su amul xol yi yëpp daal di wow
Xol yi dé su wowee yërmande daal di jeex
Yërmande su amul seytaane daal di teew
Seytaane su ñówee askan wi daal di tas
Ndekete dé safara  dina jur jàngoro

Lii doy na waar, lii doy na waar
Gëj nanu làng lool
Di wax di xoolante

E, e, e Seetal ma liile
Gisal ma liile, e, e

Ana pénc ma, ana sabar ya, ana tama ja…

**Tekki bi**

Telefon: telephone
Tey j-: today
Jege: be close
Tax: be the cause of
Làng: to hang out
Jàkkaarloo: to face ‘each other’
Dend: be close ‘only physically’
Doy na waar: it is disturbing
Xoolante: to look at each other
Jotaay: group of persons ‘friends’
Safara s-: fire
Jur: to produce
Jàngoro j-: illness, fault
Namm: to miss
Waññeeku: to lower
Miin: to get acquainted
Cofeel: love ‘with lots of respect’
Xol b-: heart
Wow: to dry
Yërmande: pity, mercy
Jeex: to end ‘intransitive’
Teew: be present
Daal: indeed, emphatic expression
Tas: be apart
Sabar : big Senegalese drum
Tama j-: small Senegalese drum

**Dég-dég bi**
Tontul laaj yii:

1. kan moo woy wii?
2. naka la telefon di dimbale nit ñi?
3. lan la woykat bi njëkk bëgg ?
4. lan moo amatul ?
5. lan mooy jur jàngoro ?
6. lan mooy waññeeku su nammante amatul ?
7. lan moo tax cofeel dootul am ?
8. naka la xol yi di mel su xaritoo amatul ?
9. kan mooy tax askan wi tas?
10. lan la woykat bëgg ci woy wi wépp?

**Jéemantu bi**

1. Wutal baat bi manke ci kàdduy woy wi

**Xaaj 1**
Bi telefon yi bare ba --------
Tax na ba nu ngi gënë jege
--------- it tax na dootunu mën a gise
Maa ne waxtaan lang moo ci gën
Nu bayyi ---------- bi jàkkaarloo
Bu telefon tax ba ---------- mën waxtaan

**Xaaj 2**
Gisatuma , gisatuma,----------- sa kanam
Li ma bëgg, ----------- dendook yow ngay wax
Gisatuma , gisatuma, gisatuma sa kanam
Li ma bëgg, dëgg dëgg dendook yow ngay wax
Lii doy na -----------, doy na waar, doy na waar
Gëj nanu làng lool
Di wax di xoolante

**Xaaj 3**
Jotaayu pénc waay amatul
Nun ñëpp ------------- fu nuy xool
Telewisioŋ tax ba dootunu ------------

**Xaaj 4**
Gisatuma , gisatuma, gisatuma sa -----------
Li ma bëgg, dëgg dëgg di la ----------- di la xool
Gisatuma , gisatuma, gisatuma sa kanam
Li ma bëgg, dëgg dëgg di la dégg di la ----------

**Xaaj 5**
Ndekete dé ------------ dina jur jàngoro
Dëkk bi dé dina mujj, nammante dootul am
-------------- gisante waññeeku
Gisante su amul miinante dotul am
Miinante su amul ------------------------
Cofeel dé su amul bëggante dootul am
Bëggante su amul --------------------
Xaritoo su amul xol yi yëpp daal di wow
Xol yi dé su wowee ---------------------------
Yërmande su amul seytaane daal di teew
Seytaane su ñówee --------------------------------
Ndekete dé safara dina jur jàngoro

Lii doy na waar, lii doy na waar
Gëj nanu làng lool

Di wax di xoolante
E, e, e ------------------------
Gisal ma liile, e, e

2. Bindal ay kàddu yooy jëfëndikoo baat bii:

- Jàkkaarloo
- Dend
- Bokkandoo
- Tax
- Nammante
- Miinante
- Bëggante
- Mujj
- Teew
- Tas